# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–30 सितम्बर 2025 भोजपुरी समाचार

नवरातर के अठवां दिन्ने आजु महाअष्टमी पर प्रदेस भर में देवी दुर्गा क महागौरी स्वरूप कै पूजा–अर्चना कइल जा रहल बा। येह मौका पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्म, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, केन्द्रीय गृह मंत्री अमित शाह अउर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सुभकामना दिहले हवें।

दुर्गाष्टमी पर अजोध्या कै देवकाली मंदिर, गोरखपुर कै बुढ़िया माता मंदिर, महराजगंज क लेहड़ा माता मंदिर आ बलरामपुर कै मां पाटेश्वरी मंदिर के सथहीं प्रदेस के सज्जो सक्तिपीठन अउर देवी मंदिरन में आजु भिन्नहियें से सरधालुअन क भारी भीड़ि बा। सथहीं ढेरि संख्या में सरधालु दुर्गा पंडालन में माई दुर्गा क दरसन आ पूजा–अर्चना बदे पहुंचि रहल हवें। सरधालुअन क भारी भीड़ि के देखत मंदिरन के सथहीं सड़किनि अउर प्रमुख चौराहन पर सुरक्षा क कड़ेर इंतिजाम कइल गइल बा। दुर्गा पूजा अउर दसहरा से जुड़ल रिवाज के मोताबिक अनुष्ठान बदे गोरक्षपीठाधीश्वर आ प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कल्हियें से गोरखपुर में बाड़ें। हमरे गोरखपुर प्रतिनिधि बतवलें कि मुख्यमंत्री नवरातर के महानौमी तिथि पर बिहने देवी दुर्गा क नउवां रूप माइ सिद्धिदात्री क पूजा–अर्चना करिहें। बिहनहीं उहां के गोरखनाथ मंदिर में कन्या पूजनों करबि।

**********

मिशन शक्ति फाइव प्वाइंट जीरो अभियान में प्रदेस के अलगि–अलगि जिलन में कई गो गतिविधियन क आयोजन कइल जा रहल बा। येही कड़ी में आजु बनारस के पुलिस लाइन सभागार में पांच सौ एक कन्या क सामूहिक कन्या पूजन कइल गइल। आयोजन में प्रदेस क आयुष राज्य मंत्री स्वतंत्र प्रभार डॉक्टर दयाशंकर मिश्र दयालुओ सामिल भइलें। हमरे कुशीनगर प्रतिनिधि बतवलें कि अभियान में ओइजा के विकास भवन सभागार में एक्यावन कन्या क पूजन भइल अउर उन्हें उपहारो दीहल गइल।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुआई में सरकार सेवा अउर सुसासन क मंत्र के आधार पर बदलाव आ विकास बदे पुरहर कोसिस कइ रहलि हौ। बिसेस श्रृंखला– 'सेवा पर्व' में प्रस्तुत बा सिक्षा के क्षेत्र से जुड़ल एगो रिपोर्ट–

***निपुण भारत मिशन, पीएम श्री योजना, राष्ट्रीय पाठ्यचर्या रूपरेखा और राष्ट्रीय ऋण रूपरेखा जैसी पहल शिक्षा के लचीलेपन, बहुविषयकता और अंतर्राष्ट्रीयकरण को बढ़ावा देती है। सरकार ने जुलाई 2020 में स्कूली शिक्षा और तकनीकी शिक्षा सहित उच्च शिक्षा में विभिन्न सुधार लाने के उद्देश्य से राष्ट्रीय शिक्षा नीति प्रस्तुत की। इस वर्ष 29 अप्रैल को नई दिल्ली में युगम सम्मेलन में प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी ने इस बात पर प्रकाश डाला कि सरकार 21वीं सदी की जरूरतों को पूरा करने के लिए देश की शिक्षा प्रणाली का आधुनिकीकरण कर रही है।***

***देश में नई नेशनल एजुकेशन पॉलिसी लाई गई है। इसे शिक्षा के ग्लोबल स्टैंडर्ड्स को ध्यान में रखकर तैयार किया गया है। नई एजुकेशन पॉलिसी आने के बाद हम भारतीय एजुकेशन सिस्टम में बड़ा बदलाव भी देख रहे हैं।***

***सरकार के प्रयासों से विश्वविद्यालयों और कॉलेजों सहित उच्च शिक्षा संस्थानों की संख्या 2014–15 में 51 हजार से बढ़कर इस वर्ष 70 हजार से अधिक हो गई है। 2014 से एम्स संस्थानों की संख्या 7 से बढ़कर 23 हो गई है, जबकि मेडिकल कॉलेजों की संख्या 387 से बढ़कर दो हजार से अधिक हो गई है।***

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के ओरि से घोसित जीएसटी बचत उत्सव क सुरूआति बाइस सितम्बर से भइल रहे। कई गो समानन अउर सेवा पर 'कर क दर' कम भइले से समाज क हर वर्ग के फायदा मिलि रहल हौ। एगो रिपोर्ट–

***नया कर ढांचा में सरकार मार्बल अउर ग्रेनाइट पर कर क दर के बारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कइ दिहले बा। जीएसटी में येह कटौती से निरमाण काम में इस्तेमाल होखे वाला समानन के लागति में कमी आइल हौ। येही तरह से सीमेंटो पर जीएसटी अट्ठाइस फीसदी से घटा के अठारह फीसदी कइ दीहल गइल बा। ओहीं सरकार ईंटा बनावे बदे जॉब वर्क पर कर के घटा के पांच फीसदी कइ दिहल हौ, जवन पहिले बारह फीसदी होत रहे। येह फैसिला से गांव इलाकन में मकानि बनवले में लागति कम होई। जीएसटी टू प्वाइंट जीरो में येह युक्तिकरण से उपभोगकरता अउर निर्माता लोगिन के राहति मिलले के सथहीं आवास उद्योगो के भी बढ़ावा मिली। आकाशवाणी दिल्ली से रोहन अउर सौम्या शरण के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

प्रदेस कै प्रयागराज अउर मथुरा के सथहीं कुछु अउरियो जिलन में भइल बरखा से लोगिन के भीसण गरमी से राहति मिलल हौ। पूरबी उत्तर प्रदेस के कई जिलन में आजु दुपहरिया बादे से बादर छवले हौ, हलांकि घाम अउर उमस क असर अबहिनों बनल बा। मौसम विभाग पच्छिमी उत्तर प्रदेस में आवे वाला दुइ दिन में कहीं–कहीं, जबकि पूरबी उत्तर प्रदेस में कुछु जगहिनि पर गरज–चमकि के साथे बौछार परले आ बरखा भइले क सम्भावना जतवले हौ। विभाग के मोताबिक प्रदेस के पूरबी आ पच्छिमी इलाकन में बिहने कहीं–कहीं बिजुली गिरले आ तेज बेयारियो चलले क अनेसा बा।

**********